

# GID PARAN POU SEPARASYON GRADYÈL



## Byenveni nan (Care for Newcomer Children – CNC)

*Byenveni nan pwogram CNC nou an!*

*Pou ede pitit ou santi l an sekirite, epi pou pèmèt ou etidye san enkyetid, li enpòtan pou pran yon ti tan tan pou w alèz avèk pwogram nou yo ak anplwaye yo.*

*Pafwa timoun yo kriye, santi yo pèdi oswa fè gwo reyaksyon lè paran yo dwe pati kite. Enkyetid separasyon sa a nòmal-espesyalman si se premye fwa pitit ou a nan swen an gwoup. Pou ede nou tou de nan tan sa a, nou jere premye separasyon ak anpil atansyon lè nou sèvi avèk separasyon gradyèl.*

## Ki sa separasyon gradyèl la ye?

Separasyon gradyèl vle di pwolonje separasyon ant paran ak pitit pou timoun lan vin pi alèz nan pwogram nan. Li enplike travay ak anplwaye pwogram lan ak prepare pitit ou a pou premye separasyon anvan lè.

### Separasyon gradyèl:

- Respekte bezwen timoun yo,
- Ede pitit ou santi l an sekirite,
- Sipòte yon tranzisyon trankil nan pwogram nou an, ak
- Mete kondisyon pou separasyon yo reyisi ak akonpayman lasante pandan timoun lan ap grandi.

Timoun ki gen twomatis premye separasyon yo pran pi plis tan pou antre nan pwogram nan, kidonk, tanpri prepare w pou rete avèk pitit ou si sa nesèsè. Chak timoun diferan, men li enpòtan pou pa kouri ak pwosesis la.

## Kijan sa fèt?

### Anvan ou kòmanse klas la:

- Si sa posib, vizite pwogram nou an avèk pitit ou.
- Pale alèz ak anplwaye a de pitit ou a, pwogram lan ak fason yo abitye planifye separasyon. Sa a ede pitit ou a byen wè anplwaye a epi fè l konfyans.
- Si sa posib, montre pitit ou a kote sal klas la pral ye.

### Premye jou pitit ou a

- Eseye dekontrakte ak antouzyas.
- Ale nan zòn ou panse pitit ou a ap renmen an epi di anplwaye ak ki sa pitit ou renmen jwe.
- Konsantre w sou pitit ou a. Pale ak li, montre l jwèt yo epi jwe avèk li.
- Veyatif pou w wè ki lòt bagay ki ka enterese l epi fè sa li vle a.
- Sivey siyal anplwaye yo ap bay.
- Ankouraje pitit ou a jwe avèk lòt timoun oswa avèk anplwaye yo lè yo pare. Si pitit ou a pa sanble li pare, se pou li tann yon ti tan ankò.
- Lè pitit ou a kapab jwe poukont li oswa avèk lòt moun, sa se yon bon siy ke lipare pou eseye premye separasyon premye l! Eseye fè yon ti tounen pou w gade.
- Si menm kote a pitit ou a swiv ou e li sanble bezwen ou rete tou pre li ka pa pare.
- Separasyon konplè a ka pran plis tan pou timoun ki te sibi vyolans ak chòk.

# GID PARAN POU SEPARASYON GRADYÈL

## Separasyon inisyèl

Lè ou menm ak anplwaye a wè ke pitit ou a ap jwe byen epi li sanble konfòtab, ou ka kòmanse kite pwogram lan pou peryòd tan ki kout.

- Di pitit ou ke ou ale nan twalèt la epi ou pral retounen nan de minit.
- Pa janm kite sal la san w pa di anplwaye a sa.
- Ale nan twalèt la epi asire w ke ou retounen egzaktman jan ou te di ou ta fè l la.
- Si premye separasyon sa a se yon twomatis pou pitit ou a, li ka pa pare.

Aprè premye separasyon an byen pase, Lè sa a, ou pare pou eseye yon dezyèm separasyon ki yon ti jan pi long (5-15 minit). Aprè sa a, yon twazyèm yon twazyèm separasyon ki pi long toujou, (10-20 minit).

Separasyon kout sa yo mete pitit a an konfyans epi ede l konprann ke ou ap toujou retounen. Pou chak separasyon, asire w:

- Se pou ou koyeran.
- Di pitit ou ke ou prale. Fofile soti kraze konfyans epi yo pral fè separasyon nan lavni pi difisil.

- Fè babay ou a pi kout ke posib epi ou gen yon manm estaf ki konsistan / abitye la pou sipòte pitit ou lè ou ale.
- Konsantre w sou sou bagay pozitif lè ou retounen. Eseye mande pitit ou a ak ki jwèt li te jwe oswa kisa li te pi renmen.

Lè pitit ou a jere separasyon kout sa yo san li pa twò fache, li pare pou ou ale! Lè ou premye kòmanse kite pitit ou a pou tout longè pwogram lan, bat pou w pami moun ki premye vini pran timoun yo pou ranfòse lide ke ou ap toujou tounen.

## E si pitit mwen an fache?

Si pitit ou a toujou gen pwoblèm, eseye pa enkyete. Ou ka bezwen pase kèk tan sipleman ak pitit ou nan pwogram nan pou ede li santi l an sekirite e konfòtab. Pote yon jwèt oswa dra, oswa lè w kite echap ou oswa chanday ou, sa ta ka ede pitit ou a santi l pi konfòtab.

Anplwaye Pwogram yo te ede anpil fanmi atravè pwosesis sa a epi yo la pou gide w ak sipòte w.



SIPÒTE SÈVIS AK ETABLISMAN  
JENN TI IMIGRAN YO

Pou plis resous paran, vizite:  
[www.cmascanada.ca](http://www.cmascanada.ca)



Care for  
Newcomer  
Children